Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 42 (6830) 14 ноябрь 2022 с. Итни РабигIул ахир 1444 с. Багьа - эркенаб

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Гъалип Гъалипов: «Нилъер улкаялъ бихьизабуна тIолго дунялалда парахалъи цIунизе хIадурал рукIин»

### Халкъалъул цолъиялъул къо кIодо гьабуна бакълъулаз

Цолъи – аслияб бечелъи

**Бакълъулазул районалъул дандеруссиназул кIалгIадухъ Халкъалъул цолъиялъул къоялъул хIурматалда рохалилаб данделъи тIобитIана. Тадбиралъул байбихьуда ГЦТКНРялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул мадание**



**нияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул «Къимат борхатав Путин» абураб документалияб фильм бихьизабуна. 1999-абилеб соналъул август-сентябрь моцIазда ккарал лъугьа-бахъиназда хурхарал баянал рихьизаруна АхIмадибировас фильмалда.**

Тадбир рагьана Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас. «Ассаламу гIалайкум, хIурматиял бакълъулал! РакI-ракIалъ баркула нужеда ТIолгороссиялъул байрам – Халкъалъул цолъиялъул къо! Россиялъул тарихалъ бихьизабулеб буго аслияб къуват цолъиялъулъ букIин. Нилъер улкаялъ бихьизабуна тIолго дунялалда парахалъи цIунизе хIадурал рукIин, гьедин букIана 1999-абилеб соналъги. Бакълъул районалъул щибаб росулъ гIуцIун рукIана ополчениялъул къокъаби. ЖамгIияталъ бихьизабураб цолъиялъ нилъ иргадулаб нухалъ бергьана.

Къоло цоабилеб гIасруялдаги дандчIвана нилъ фашистазул пикраби нухдаинарулелгун. Гьедин, Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница рагIинабуна Украина неофашистаздаса эркен гьабиялъул мурадалда хасаб рагъулаб операция. Гьениб гIахьаллъи гьабулеб буго бакълъулазул бахIарзазги. Жидеего бокьун аразул кьердаги руго нилъ. СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизабазе гьабулеб буго ва гьабизе буго кумек»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана Бакълъул районалъул эменазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурахIман Дайитмирзаев, муниципалиталъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ПатIимат ГъалбацIова ва цогидал. Россиялъул гьитIинал гражданазе паспорталги кьуна тадбиралда.

Халкъалъул цолъиялъул къоялда хурхараб акцияги тIобитIана районалъул администрациялъул, маданияталъул хIалтIухъабаз, жамгIиял хIаракатчагIаз, информациялъулаб гIуцIиялъул, лъайкьеялъул идараялъул вакилзабаз ва цогидаз. МелъелтIа росдал аслияб майданалда данделъаразул кодор рукIана Россиялъул байрахъ ва улкаялъул цогидал гIаламатал, акциялъул гIахьалчагIаз гьединго баянал-ги гьаруна геополитикаялда тIасан.



### Халкъалъул къуват цолъиялъулъ букIин гьитIинго бихьизаби – талихIаб букIинеселъе квербакъи

Муниципалитеталъул цогидал росабалъги тIоритIана Халкъалъул цолъиялда хурхарал тадбирал. Гьедин, Нарыш росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул нухмалъулей ПатIимат ТIалхIатовалъ 1-4 классазул цIалдохъабазул гIахьаллъигун тадбир тIобитIана. Гьелъул рагIабазда рекъон, халкъалъул къуват цолъиялъулъ букIин гьитIинго бихьизаби – талихIаб букIинеселъе квербакъи. МелъелтIа росдал КДЦялъе нухмалъи гьабулей ГIазра РурухIмаевалъ цIалдохъабазе бицана гьеб байрам баккиялъул тарихалъул.

ГIалибег Тахо-Годил цIаралда ЧиркъатIа росулъ бугеб Миллияб музеялъул директор Ибрагьим Ибрагьимовасги баркана Халкъалъул цолъиялъул къо ва сайгъатал кьуна гьеб росулъа хасаб рагъулаб опрециялде аразул хъизабазе. Ункъго чIиркъатIисес гIахьаллъи гьабулеб буго СВОялда.

### Россия – дир ВатIан

Кунзахъа ГIабдула КъурбангIалиевас тIобитIана «Россия – дир ВатIан» абураб тадбир. Гьес росуцоязе баян гьабуна чияда бачIеблъун букIиналъе гIоло нилъер улкаялъ тараб захIматаб нухалъул. «Халкъалъул къуват цолъиялъулъ» абураб темаялда тIасан баянал гьаруна Гьарадирихъ росдал КДЦялъул нухмалъулей Анисат НурмухIамадовалъ.

Аргъвани росдал библиотекаялъул ва маданияталъул хIалтIухъабазги гIуцIана ВатIан бокьиялъул дандеруссинал. Багистан ГIумаровалъ ва Напилат Къадиевалъ тадбиралде рачIаразе бицана халкъалъул цолъи щулалъизе гIилалъун ккарал лъугьа-бахъиназул. ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ ракьцояз бихьизабураб цолъиялда тIасан кIалъай гьабуна ЦIиликь росдал КДЦялда. Килдерица гIуцIана «Нилъер цолъи» абураб темаялда тIасан гургинаб стол.

«ВатIан бокьулезул къадар цIикIкIани, гIагараб ракь цебетIола, гIумру тIами гьабизе бигьалъула. Нилъеца гIемер бихьизабуна нилъерго мухъ, тIолго улка цIунизе бугеб гъира. БахIарчияб тарихалдалъун бечедаб буго Россия. Нус-нус соназ цебе гIадин, жакъаги бихьизабулеб буго Россиялъул халкъалъ нилъерго гIорхъи, дунялалдаго рекъел цIунизе къасд букIин»,- ян абуна ЛъаратIа росдал библиотекаялъул нухмалъулей Барият ГIалиевалъ. ВатIан бокьиялъул тадбир гIуцIана гьелъ росуцоязе. Халкъалъул цолъиялъул къоялда хурхарал тадбирал тIоритIана Бакълъул районалъул цогидал росабалъги.

**«Гумбет» РИО**



НОМЕРАЛДА РУГО:



**Муса Расулов – бакълъулазул чIухIи**

- 2 - 3 - гьум.



**Армиялде ахIаразул 36-яс сахлъиялъул халгьабуна**

- 2 гьум.



**Салман ГIалиевасе – Жуковасул цIаралда бугеб медаль**

-2 стр.



**День сотрудника органов внутренних дел РФ отметили в Гумбете**

- 4 стр.

ЧӀАХЪАГИ МАГӀАРУЛАЛ

# Муса Расулов – бакълъулазул чӀухӀи

## ВатӀан къуватаблъун гьабизе квербакъарав



**ХӀалуцарал лъугьа-бахъинал сверухъ цӀикӀкӀанагӀан, иргадулаб нухалъ ВатӀаналде тӀаде къо ккараб мехалъ ракӀалде щола арал гӀасрабазул захӀматал соназ районалъе нухмалъи гьабурал, гӀадамазул гӀумрудул шартӀал лъикӀлъизе гъеж гурун хӀалтӀарал, гӀагараб ракь цӀунизе, цебетӀезабизе хӀаракат бахъарал. Гьединазул цоявлъун ккола Бакълъул районалъе гӀемерал соназ нухмалъи гьабурав Муса Расулов. Гьаб соналъул май моцӀалда 90 сон тӀубаялъул юбилейги букӀана гьесул. Гьелъул хӀурматалда бакълъулазул бетӀер Гьалип Гьалиповасул жигаралдалъун кӀудияб тадбирги тӀобитӀана. «Бакълъул район цебетӀезе бахъараб хӀаракаталъухъ» абураб орден къуна муниципалитеталъул нухмалъулес Муса Расуловасе. 90 сон баялъул хӀурматалда гьесие хвалчен сайгъат гьабуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ХӀажимурад МухӀамадовас.**

АнцӀила анкьго соналъ районалъе нухмалъи гьабурав Расуловасе пачалихъалдасанги щвана батӀи-батӀиял шапакъатал, мустахӀикълъана «ХӀурматияв насихӀатчи» абураб цӀаралъе, щвана орденал ва медалал. Россиялъул Президент Владимир Путиницаги баркана гьесда гӀумрудул 90 соналде вахин. «ХӀурматияв Муса ХӀажимухӀамадович! РакӀ-ракӀалъ баркула дуда юбилей. Рагъулаб заманалъул кьогӀлъи хӀехьеялъул мисал бихьизабуна, чӀунтараб улка тӀегьазабизе хӀаракат бахъана, квербакъана ВатӀан къуватаблъун гьабизе. Баркала буго дуе захӀматалъулъ бихьизабураб гьунаралъухъ, ВатӀаналъул къисматалъулъ тараб лъалкӀалъухъ. Гьарула дуе щулияб сахлъи ва кинабго лъикӀабщинаб»,- ян хъван буго баркиялъул кагътида.

### Заманалде данде кколел, пайдаял кьагӀидаби хӀалтӀизабурав

2001-абилеб соналдаса 2011-абилеб соналде щвезегӀан бакълъулазе нухмалъи гьабурав, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахӀмад АхӀмадовас гьадин хъвалеб буго баркиялъулаб кагътида: «Май моцӀалъул байрамазда, ракӀалда чӀолел къоязда гьоркьоб хасаб бакӀ ккола 15 маялъ. Гьеб къо ккола, гӀицӀго Россиялъул Хъизамалъул къо гуребги, республикаялъул жамгӀияв ва партиялъулгун пачалихъалъул жигарав гӀуцӀарухъан Расулов Муса гьавуралдаса 90 сон тӀубалеб рохалил къоги. Дида Муса лъала гьитӀинаб къоялдаса нахъего, щайгурелъул гьев кидаго вукӀана ва вуго гьавураб росдае, районалъе ва республикаялъего ярагьарав, гьел церетӀеялъе жинца гъеж гурун хӀалтӀи гьабулев, хӀалхьи лъаларев инсан. Хасавюрталъул батӀибатӀиял магӀишатиял гӀуцӀабазда, ЧӀикӀаб ГЭСстроялда ва цогидалги бакӀазда хӀалтӀун хадуб къисматалъ дун вачана гӀагараб Гумбет районалде. 2001 соналдаса байбихьун хӀалтӀана цин районалъул администрациялъул бетӀерлъун ва хадув, 2011 соналде щвезегӀан, «Гумбет район» муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀерлъунги. Районалда хӀалтӀулаго, халкъалъе хъулухъ гьабиялъулъ лъидаса дица мисал босилебин абураб суалалда тӀад ургъулаго, гьелъие жаваблъун кидаго бачӀунаан Муса Расуловасул цӀар. Гьедин гьев вукӀана киназего машгьуравлъун ва мисалиявлъун.

Районалъул партиялъул гӀуцӀиялъул комитеталъул тӀоцевесев секретарасул хъулухъалда Мусаца рихьизарурал нухмалъиялъул кьагӀидаби рукӀана цӀакъго заманалде данде кколел, пайда кьолел, киналго гьеседа цадахъ хӀалтӀулел гӀадамазул, хӀалтӀухъанасул къимат-къадру гьабизе тӀамулел. Гьединлъидал гьесухъа дол советиял соназда бажарана Гумбеталда нусгоялдасаги цӀикӀкӀун социалиял ва промышленниял объектал разе ва гӀадамазул сахлъи цӀуниялъе ва хӀухьбахъиялъе лъикӀал ресал чӀезаризе.Гьеб рахъалъе кумек гьабулеб букӀана нилъер республикаялдаса СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун вищарав, улкаялъулго радиопромышленносталъул министр, Социалистияб ЗахӀматалъул БахӀарчи Петр Плещаковасулгун Мусал букӀараб лъикӀаб гьоркьоблъиялъги.

Гумбеталъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетӀезабиялъе гьес гьабураб мисалияб хӀалтӀул хӀасилалда район цо чанго соналъ тӀатӀалаго мустахӀикълъана КПССалъул ЦКялъул, Министрзабазул Советалъул, ВЦСПСалъул ва комсомолалъул ЦКялъул хьвадулеб БагӀараб Байрахъалъе. Дол соназда гьеб букӀана район, шагьар, республика цебетӀезабиялъул рахъалъ гьабураб, рухӀалда барахщичӀеб хӀаракатчилъи тасдикъ гьабулеб бищунго тӀадегӀанаб къиматлъун. Муса жакъаги вуго лъикӀаб жаналда, гӀахьаллъи гьабула гӀолеб гӀелалъе тарбия кьеялъулъ. Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул, гьудул-гьалмагъзабазул рахъалдасан гьарула гьев захӀматалъе кьуркьичӀев инсанасе щулияб сахлъи ва тавпикъ»».

### РакӀбацӀцӀадго, хӀалалаб кьагӀидаялда яшав гьабиялъул мисал бихьизабурав

Муса Расуловас жавабчилъиялда, тӀокӀлъиялда жинда тӀадал ишал тӀураялда тӀасан пикраби загьир гьаруна МухӀу ГӀалиевасги: «Муса Расулов вуго Гумбет районалъе гӀемерал соназ нухмалъи гьабурав чи. Жакъа районалъул тарихалъул хӀакъалъулъ бицунаго, гьесул цӀар кӀочон толаро, щайгурелъул гьес бихьулеб лъалкӀ тана экономикиябгун социалияб рахъалъ район цебетӀезабиялъулъ. КПССалъул Гумбет райкомалъул тӀоцевесев секретарьлъун хӀалтӀулаго, гьесухъа бажарана гьарулел ишал росабалъ гӀумру гьабун ругел гӀадамал разияб куцалда гӀумруялде рахъинаризе. Муса Расулов районалъе нухмалъиялдаса нахъе ана хӀалтӀи бажаричӀого гурев, жиндиего бокьун, нахъе виччайилан хъвараб гӀарзаялда рекъон.

Партиялъул обкомалда цебе гьес гьеб суал цо чанго нухалда борхулеб букӀана. Гьелъие гӀиллаги гьес бихьизабулеб букӀана рарал соназда рекъон свакан вукӀин ва гӀолохъанаб гӀелалъе нух кьезе ккелин абураб. Гьеб ккола гьесул ракӀбацӀцӀалъиялъул, жавабчилъи букӀиналъул гӀаламат. Кинацго нухмалъулезда гуро, жидерго къадруги цӀунун, заманалда хӀалтӀудаса ине лъалеб. Гьелде тӀадеги, Муса вуго росдал букӀа, районалъул букӀа, республикаялъул букӀа тарихалде рокьи бугев, гьелъул хӀакъалъулъ хъвалев инсан. Гьев вуго гӀадатияв чи. Жакъаги гьес гӀумру гьабулеб буго квартираялда. ГьанжелъизегӀанги яшав гьабуна ракӀбацӀцӀадаб, хӀалалаб кьагӀидаялда. Гьеб буго жакъасеб гӀелалъе лъикӀаб мисал».

### 1970-1980 сонал рукӀана бищунго захӀматал

1970-1985 соназда Гумбет райкомалъул кӀиабилев секретарьлъун вукӀарав ХӀажи Шихмирзаевас гьадин абуна: «Мусаги дунги цадахъ хӀалтӀана 20 соналъ. 1970-1980 сонал рукӀана бищунго захӀматал. 1970 соналъул маялда ракь багъариялъ гочинабизе ккана лъабго росу. ТӀубазе ккана гьезухъ рукӀарал ракъалги боцӀиги цогидал колхозазде кьеялъул масъала.

Росдал магӀишат рукӀалиде ккезабизе гьабуна гӀемераб хӀалтӀи. Гьеб хӀаракаталъулъ жигараб гӀахьаллъи гьабуна Мусал нухмалъиялда гьоркь хӀалтӀулел рукӀарал районалъул идарабазул хӀакимзабазги, магӀишатазул нухмалъиялъги ва захӀматчагӀазги. Гьелъул хӀасилалда Гумбет районалъул цӀар республикаялъул ХӀурматалъул хьорщода хъван букӀана цо чанго соналъ тӀатӀалаго. ГӀадан хӀисабалдаги Муса вукӀана кутакалда инсан хирияв, тӀаде вачӀарав чиясухъ гӀенеккулев, гьезул кваригӀел тӀубалев чилъун. Гьоболасе гьабулеб хъулухъалъе, жинде тӀаде вачӀарав чиясул хӀажат тӀубаялъе гьесулъе вахунев чи гӀемер ватиларо».

«На поприще аграрного сектора Страны гор» абураб тӀехьалда Дагъистаналъул Обкомалъул секретарьлъун вукӀарав Зиявудин Пулатовас хъван буго: «Гумбет районалъул МелъелтӀаса Муса Расулов вуго тӀадегӀанаб рухӀияб культураялъул инсан. КватӀичӀого гьес тӀубала 90 сон. «Седой Гумбет – мой край родной» абураб тӀехьалда гьес хъвалеб буго: «Дир ракӀчӀола эбелалъул эмен Чаландарил ригьалде дунги вахиналде, щайгурелъул ракӀбацӀцӀадго гӀумру гьабулеб буго дица. Дир рес буго, бер къапичӀого, щивасул бадиве валагьизе. Дица киданиги хвезабичӀо гӀаданлъиялъул закон. КӀудияб ригьалде вахиндалги, гӀумруялдаса разиго вуго дун, хасго гьудулзабигун, лъималгун ва гьезулги лъималгун дандчӀвалел къоязда», - ян.

Мусаца нахъа тана батӀибатӀиял жавабиял хъулухъазул болъаби. 17 соналъ нухмалъи гьабуна гӀагараб районалъе ва 15 соналъ вукӀана ДАССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун. Пайдаяб гӀуцӀарухъанлъиялъухъги, политикияб нухмалъиялъухъги, районалъул магӀишатаз къураб бачӀиналъухъги Гумбет район анлъцӀул мустахӀикълъана РСФСРалъулги, ВЦСПСалъулги, КПССалъул Дагъистаналъул обкомалъулги, ДАССРалъул Министрзабазул Советалъулги ва ДАССРалъул Профсоюзалъул советалъулги хьвадулеб БагӀараб байрахъалъе. Мусае къуна анцӀгоялдаса цӀикӀкӀун орденгун медальги. Амма кинаб хъулухъалда вугониги, унго-унгояв магӀаруласул хасияталъе хисичӀо гьев».

Цере рехсарал пачалихъиял, сиясатиял, жамгӀиял хӀаракатчагӀазул пикраби ва баркиял рахъун руго 2022-абилеб соналъул 13-абилеб маялда къватӀибе бачӀараб «ХӀакъикъат» газетаялъул номералда. МагӀарулазул аслияб газетаялъул хӀалтӀухъан Кавсарат Сулеймановалъ Муса Расуловасулгун гьабураб гарачӀвариги бокьун буго «Гумбет» басмаялдаги бахъизе.

**Кавсарат: Гумбет районалъул райкомалъул тӀоцевесев секретарьлъун хӀалтӀулеб заманалда бищунго захӀматаб масъала кинаб букӀараб?**

Муса: Гьеб хъулухъалде дун ккана Дагъистаналъе бищунго захӀматаб заманалда – 1970 соналда ракьги багъарун кӀиго моцӀ бараб мехалда. Риххарал минаби – гӀадамазул рукъзал, колхозазул бокьал, школал, лъималазул ахал. Хъулухъалде дун толевлъи лъараб мехалда, инкарги гьабун, вихха-хочун, кӀиго къоялъ рокъов чӀана дун. Амма дун рокъов течӀо, вахьине ккана хӀалтӀизе. Районалъул тӀолабго къуват буссинабизе ккана ракь багъариялъул балагьалдаса эркенлъиялде. ЛъикӀги квешги ана лъагӀел ва хӀасилалги квешал ккечӀо.

**Кавсарат: Дол соназда Игьали тӀобитӀараб кочӀол байрам жеги кӀочон гьечӀо халкъалда. Щай гьеб гӀуцӀун букӀараб хас гьабун Гумбет районалда?**

Муса: Райкомазул секретаразда гьоркьов бищун гьитӀинав вукӀана дун – 37 сон барав гӀолохъанчи. 1966- 1970 соназда хӀалтӀулев вукӀана райкомалъул кӀиабилев секретарьлъун. 1972 соналда букӀана ДАССР гӀуцӀаралдаса 50 сон тӀубаялъул байрам. Телевизоралдаса кӀалъалаго, Расул ХӀамзатовас абуна, Гумбеталда тӀобитӀизе бугила Дагъистаналъул кочӀол байрам. Диргун дандбараб жоги букӀинчӀо. Щибха гьабилеб? КӀудияв шагӀирасул рагӀи ритӀухъ гьабизе ккеларищ? ТӀаделъана байрамалде хӀадурлъи гьабизе.

(Ахир - 3 - аб. гьум.)

# Муса Расулов – бакълъулазул чІухІи

**(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)**



22 азарго чи гІахьаллъараб кІудияб байрам лъугьана. Цо къоялъ гьабизе ракІалда букІараб гьабизе ккана кІиго къоялъ. Гьеб тІобитІана игьелдерил майданалда. Расулица ахІун, Москваялдаса вачІана 22 шагІиргун хъвадарухъан. Гьенив вукІана республикаялъул культураялъул киналниги хІалтІухъаби, Авар театралъул артистал, магІарул газеталъул редакция.

Москваялдаса гьалбал гІемерлъана долдаса хадур. Бахъана районалъул хІакъалъулъ кино, гьеб бихьизабуна централияб телевидениялдаса. Гьедин машгьурлъана районалъул цІар. Гьеб букІана дие цІакъ захІматаб заман. КІиабилеб захІмалъи букьана 1974 соналда – кІиабизеги ракь багьарана гьеб мехалда. МахІачхъалаялдаса рачІана обкомалъул вакилзаби ва щуго росу гочинабизе ккана: ЦІунди, Щабдухъ, Килалъ, ИчичІали ва Сивухъ. Гьеб букІана цІакъ захІматаб иш.

**Кавсарат: РакІалдаса унареб лъугьабахъин кканищ мун хъулухъалда вукІаго?**

Муса: МахІачхъалаялдаса, обкомалдаса кІалъан, рачІана Россиялъул Министрзабазул советалъул председатель, Политбюроялъул член Михаил Сергеевич Соломенцев вачІине вугин нужехъеян абун. Бицана гьесул сапаралъул маршрут тасдикъ гьабун бугилан-ги: МахІачхъала – Буйнакск – Унсоколо – Гумбет (гьаниб – къадеквенгиха), гьенисан Къохъе – Хунзахъе – Лаваши – МахІачхъала. ХІадурун рукІаян лъазабуна. Гьесда дандчІвазе ана ЧІиркътаІе.

Соломенцевасда цадахъ рачІана Дагъистан обкомалъул тІоцевесев секретарь МухІамадсалам ГІумаханов, ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул председатель Шагьрудин Шамхалов, ДАССРалъул хІукуматалъул председатель ГІалипаша Умалатов, КГБялъул нухмалъулев Алексей Бойко ва цогидалги хІакимзаби. ХІинкъун вукІана цощина къаде кваналеб бакІалда тамадалъи дида тІадкъазе гурин абун. ГІурус мацІги лъикІго лъалареб, гьадигІан къиматал гьалбал ругеб бакІалда гьалатІ борчІизе гурин абун. Гьалбадерие хІадурлъи гьабун букІана ЧІиркътаІа заводалда. Жанире лъугьаралго, Соломенцевас абуна: «Товарищ Расулов, ведите компанию», - ян. Пайда щиб, бачине кканаха.

ТІоцебесеб лъълар борхулаго, дица абуна, Гумбет районалъ Россиялда тІоцебесеб бакІ кколин кІудияб ригьалъул гІадамал гІемерлъиялъул рахъалъ ва гьесие гьарана халатаб гІумру. Лъабго сагІатгун бащдалъ бачана компания. Дагьадагьаб жо гьабулаго, кеплъиларищха гьалбалги. Тасдикъ гьабураб маршрутги кІочана. ГІумахановас дида гьикъана: «Муса, кин бугеб ХІариб габурлъи?» - ян. МоцІалъ цеве, январалда, данделъиялде Гумбеталде вачІарав гьеда бихьун букІана гьеб габурлъи. Дицаги жаваб кьуна цІакъ лъикІ бугилан.

Дида аскІов гІодов чІарав КГБялъул начальникас гьажалда тункана. Дида ракІалде ккана, гьес дун ритІухъ гьавулев вугилан, дие хІалае вахъунев вугилан. Довин абуни, вукІун вуго гІаксалда. Хадубккун гьес дида абуна, нагагь сапаралда щибниги ккани, габуралдаса бетІер бортизе бугин дирилан абун. Февраль моцІлъидалха букІараб, ХІарисан сапаралъе хІинкъи камулароан. ПалхІасил, рилълъине руго ХІарисан! Гьединаб хІукмуги гьабуна хІакимзабаз. Дихъе гьоркьоса къотІичІого ахІулеб буго – Хунзахъа, Лавашиса… гьалбал тІоритІанищ, кида тІаде щвелел абун. ТІаде щолеб маркІачІул мехги, хасало заманги, гІаздалъ бахчараб ХІарисан нухги… Рилълъана.

Нухлул кІиябго рахъалъ букІана гІаздал «къед». ЦІораб иццухъе щведал, лъалхъана, дагьамакъаб жо гьабуна. РукІкІана. Нух – цІорол шиша гІадаб. КГБялъул нухмалъулес диде речІчІизарулел щцидалал бералги замазаманалдасан «Къо-лъикІ гьабе дурго партбилетгунан» рехулел рагІабиги.

ТІолабго нухда Аллагьасде гьарделев дунгиха. Гьедин щвана Хасавюрталде. ГІумахановас лъазабуна, Соломенцев нухарегІизе, киналго райкомазул тІоцересел секретарал аэродромалде рачІине кколин абун. Гьенив вукІана дов Бойкоги. Гьес диде ишан гьабуна, аскІове вачІаян. Гьеб мехалда къахІан ккуна дир квер ва абуна: «Муса, молодец. Дагъистаналдаса иналде, кабиналда гара-чІваруларо, дур хІаракаталъе тІадегІанаб къимат кьуна Соломенцевас», - ан.

**Кавсарат: ГІолохъанчи мунги лъугІелго гьечІеб хІалтІиги… Хъизамалъе камулеб букІун батила дур квербакъи, кумек?**

Муса: Дир букІана кІудияб хъизам – щуго лъимер. 21 соналъ цадахъаб гІумруги гьабун, къадаралде щвана дир тІоцеесей лъади ПатІимат. Гьелъул букІана 39 сон. ЦІакъай гІадан йикІана гьей. КІиго соналъ костюм хисичІо дица. ГІарза кьун букІана, хІалтІудаса нахъе виччайин абун. Амма виччачІо. Гьедин бана кІиго сон.

Нижеда аскІой йикІана якьад. Аллагьас хІал алжаналъуб батаги гьелъул, «дур гурейги хвана лъади, лъималазе гІоло гІумру гьабизе кколаян» абулаан гьелъ дие. КІиго соналдасан ячана дица Макка. Киданиги берцин вихьичІо дида жиндир лъади ецщулев бихьинчи. Аллагьас дун тІамуна дирго лъадуе рецц-бакъ гьабизе. Кинха ецциларей, щуго лъимадуе унго-унгоги эбеллъи гьабун бажарарай, киданиги дие хъачІлъичІей ва гІагарлъиго кІодо гьабулей гІадан? Гьединай йиго дир Макка.

Дие ячІине къабул гьаюлеб заманалда Маккада абун буго дир цо лъимер бугин, хадуб – кІиго бугин… Гьейгун дандчІвазе араб мехалда дица хІакъикъат бицана. Аллагьасе рецц, гьей разилъана ва гьелдаса нахъе ниж ратІалъичІо. Киданиги гьумер букІкІинабичІо гьелъ. Киданиги гьаракь борхун кІалъачІо гьей лъималазда. Дир адаб рехулеб цониги жо гьабичІо. Дагь-дагькккун гІуна лъимал. Дун гІажаибльун вукІана васазул бахІаразе кьезе чемоданалги ясалъе кьезе къайиги гьелъ данде гьабун батараб мехалда – дидацин лъалароан гьеб.

Гьарула Муса Расуловасе щулияб сахлъи ва кинабго лъикІабщинаб. Гьесдасан мисал босун, район, республика цебетІезабулезул къадар цІикІкІаги.

**Зугьра ГІабдулкъадирова**

---



## Армиялде ахІаразул 36-яс сахлъиялъул халгьабуна

### Хаслихъе рагъулаб хъулухъалде гІолохъаби ахІиялъул кампания нухдауне6 буго

**Бакълъулазул мухъалда тІоцебесеб ноябралдаса байбихьун армиялде гІолохъаби ахІиялъул хІалтІаби нухданарулел руго. Гьел тадбиразулъ гІахьаллъи гьабулеб буго муниципалитеталъул нухмалъулесул заместителасул ишал тІуразарулев ГІалихан ДавудхІажиевас, Казбек ва Бакълъул районалъул рагъулав комиссар Арсен МухІамадовас, Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул штабалъул нухмалъулев ГІамир ГІамировас ва цогидаз.**



Исана хаслихъе Бакълъул районалдаса рагъулал аскаразде хъулухъ гьабизе ахІарада гьоркьоса призывалъулаб комиссиялде рачІана 36 гІолохъанчи. Гьез муниципалитеталъул поликлиникаялда халгьабуна жидерго сахлъиялъул. Армиялде хъулухъ гьабизе ахІиялъул комиссиялъул гІахьалчагІазул рагІабазда рекъон, рагъулал аскаразде ахІарал гІолохъабаз хъулухъ гьабизе буго улкаялъул рагъулал частазда. Нилъер пачалихъалде гьорлъе рачІарал Херсон, Запорожье областазде, Луганскалде, Донецкиялде ритІизе гьечІо.

**Макка МухІамадова**

---



## Муслим МухІамадовасе – Бихьинчилъиялъулаб орден

### Салман ГІалиевасе – Жуковасул цІаралда бугеб медаль

**Бакълъул районалъул Гьоркь Гьарадирихъ росулъа Муслим МухІамадов мустахІикълъана Бихьинчилъиялъулаб орденалъе. Гьес рагъулаб борч борхулеб букІана Запорожье областалъул Энергодара мухъалда. Украина неофашистаздаса эркен гьабиялъулъ бихьизабураб гьунаралъухъ Россиялъул Госдумаялъул хІинкъи гьечІолъи цІуниялъул комитеталъул председатель Василий Пескаревас Муслим МухІамадовасухъе Баркалаялъулаб кагъат битІун бачІана.**



Гьединго, хасаб рагъулаб операциялъулъ бихьизабураб хІинкъи гьечІолъиялъухъ ЛъаратІа росулъа Салман ГІалиевасе кьуна Жуковасул цІаралда бугеб ва «Рагъулаб бахІарчилъиялъухъ» абураб II даражаялъул медалал. Гьалип Гьалиповасбаркана шапакъатазе мустахІикълъарал бакълъулазда, гьарана нахъеккунги чІахІиял бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

---

# Не копите долги за газ

**Поставщик газа в Дагестане ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает абонентам о необходимости своевременных ежемесячных расчётов за потреблённый газ, до 10 числа каждого месяца. Для удобства абонентов работает приложение «Мой ГАЗ» и «Личный кабинет абонента» на сайте поставщика www.mkala-mrg, где можно увидеть сумму задолженности по лицевому счету, произвести оплату без комиссии и без очередей.**

Скачивайте приложение «Мой ГАЗ» на смартфон или планшет, регистрируйтесь с помощью электронной почты и 10-тизначного номера лицевого счёта. Не копите долги за газ! Пользуйтесь газом безопасно!

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

## День сотрудника органов внутренних дел РФ отметили в Гумбете

В поселениях Гумбетовского района прошли мероприятия, посвящённые Дню сотрудника органов внутренних дел РФ.

В КДЦ села Мехельта провели круглый стол на тему «Герои не умирают» с участием учащихся ООШ. В селе Кунзах в культурно-досуговом центре состоялась беседа «Профилактика экстремистских проявлений в молодежной среде». К профессиональному празднику полицейских заведующая КДЦ с. Ново-Данух Багавдинова Х.О. провела час патриотизма среди старшеклассников на тему «Кто стоит на страже закона и правопорядка».

В с. Килятль под руководством работников культуры был проведён час патриотизма среди старших дошкольников на тему «Юные друзья полиции». Среди приглашённых был оперуполномоченный участковый полиции Магомед Магомеднуров. Напомним, что глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил силовиков с Днём сотрудника органов внутренних дел РФ.

**Гумбет РИО**

РИТМ ГУМБЕТА

## Продолжается ремонт автодороги Сагри – Новое Аргвани

**Капитальный ремонт автодороги Новое Аргвани – Хасавюрт – Тлох (Сагри – Новое Аргвани) проходит в рамках реализации госпрограммы Минтранса Дагестана.**

Стоимость ремонта дороги составляет свыше 90 млн рублей. Как сообщил нашему сетевому изданию сотрудник пресс-службы данного ведомства Магомед Лабазанов, в настоящее время завершены работы по расширению и укреплению основания, установке трех водоотводных труб, а также выполнено устройство асфальтобетонного покрытия.



Работы по благоустройству автомобильной дороги и обеспечению безопасности дорожного движения планируется завершить в конце ноября текущего года. Напомним, что глава Гумбетовского района Галип Галипов уделяет большое внимание улучшению качества дорог и обеспечению безопасности дорожного движения.

**Гумбет РИО**

РИТМ ГУМБЕТА

## К 40 высокогорным населенным пунктам Дагестана в 2023 году проведут сотовую связь

**Сотовую связь в 40 малонаселенных пунктов Дагестана с населением до 500 жителей впервые проведут в 2023 году, сообщает ТАСС со ссылкой на министерство цифрового развития РД.**

Осуществление мероприятий обеспечивается в рамках нацпрограммы «Цифровая экономика Российской Федерации». Так, в селах, расположенных в труднодоступных высокогорных районах Дагестана, будет обеспечена качественная подвижная радиотелефонная связь.




**Гумбет РИО**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Дагестане сохраняется сложная ситуация с аварийностью на дорогах

**Накануне в рамках заседания Правительственной комиссии РД по обеспечению безопасности дорожного движения под руководством премьер-министра РД Абдулмуслима Абдулмуслимова рассмотрели текущую ситуацию с аварийностью на дорогах региона за 10 месяцев 2022 года и принимаемые меры по ее стабилизации.**

Об этом сообщает РИА «Дагестан». В ходе мероприятия Абдулмуслим Абдулмуслимов отметил, что принимаемые меры по реализации государственной политики в области обеспечения безопасности дорожного движения не позволяют стабилизировать ситуацию на дорогах Дагестана.

По его словам, если ситуация с аварийностью такая сложная, возникает необходимость принятия дополнительных, более действенных мер по снижению количества дорожно-транспортных происшествий на дорогах.

**Гумбет РИО**

## Порядок информационного сопровождения застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи

**Страховая медицинская организация осуществляет информационное сопровождение застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи и обеспечивает информирование застрахованных лиц и их законных представителей, в том числе по обращениям, путем организации работы с застрахованными лицами уполномоченных лиц страховой медицинской организации (далее - страховые представители), о:**

1) медицинских организациях, осуществляющих деятельность в сфере обязательного медицинского страхования на территории субъекта Российской Федерации, режиме их работы;

2) праве выбора (замены) и порядке выбора (замены) страховой медицинской организации, медицинской организации и врача;

3) порядке получения полиса;

4) видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи в рамках базовой и территориальной программ;

5) прохождении, в том числе в вечерние часы и в субботу, профилактических медицинских осмотров, диспансеризации, в том числе для выявления болезней системы кровообращения и онкологических заболеваний, формирующих основные причины смерти населения, а также о возможности дистанционной записи на медицинские исследования;

6) прохождении диспансерного наблюдения застрахованными лицами, включенными в группы диспансерного наблюдения при наличии оснований согласно порядкам и срокам проведения диспансерного наблюдения, установленными уполномоченным федеральным органом исполнительной власти в сфере охраны здоровья, в том числе онкологическими больными;

7) перечне оказанных медицинских услуг и их стоимости (на основании принятых от медицинских организаций реестров счетов за оказанную медицинскую помощь);

8) выявленных нарушениях по результатам проведенного контроля объемов, сроков, качества и условий предоставления медицинской помощи застрахованным лицам (по обращениям застрахованных лиц).

Рассмотрение жалоб застрахованных лиц, включая организацию экспертизы качества оказанной им медицинской помощи и обеспечение при наличии индивидуального согласия информационного сопровождения застрахованных лиц при организации оказания медицинской помощи, в том числе обеспечение индивидуального информирования и сопровождение застрахованных лиц по результатам профилактических медицинских осмотров и диспансеризации, а также лиц, находящихся под диспансерным наблюдением, информационная работа с застрахованными лицами о необходимости своевременного обращения в медицинские организации в целях предотвращения ухудшения состояний здоровья и формирование приверженности к лечению осуществляются страховым представителем страховой медицинской организации, являющимся специалистом-экспертом.

Застрахованное лицо имеет возможность получить доступ к сведениям об обращениях за получением медицинской помощи в личном кабинете Единого портала государственных и муниципальных услуг (функций).

При выдаче направления на госпитализацию в плановом порядке лечащий врач обязан информировать застрахованное лицо или его законного представителя о медицинских организациях, участвующих в реализации территориальной программы, в которых возможно оказание специализированной медицинской помощи с учетом сроков ожидания указанного вида медицинской помощи, установленных территориальной программой. На основании указанной информации застрахованное лицо или его законный представитель осуществляет выбор медицинской организации для оказания ему специализированной медицинской помощи.

Страховая медицинская организация обеспечивает контроль за соблюдением прав застрахованных лиц, в том числе с онкологическими заболеваниями, на оказание медицинской помощи в соответствии с порядками оказания медицинской помощи, на основе клинических рекомендаций и с учетом стандартов медицинской помощи, в том числе своевременность проведения диагностических исследований и лечебных мероприятий.

Страховой представитель ежемесячно осуществляет информирование застрахованных лиц, подлежащих профилактическому медицинскому осмотру, в том числе в рамках диспансеризации, диспансеризации или диспансерному наблюдению в текущем году, в том числе лиц, не прошедших данные мероприятия, или законных представителей застрахованных лиц о возможности прохождения профилактического медицинского осмотра, диспансеризации или диспансерного приема (осмотра, консультации). Каждое застрахованное лицо, включенное в список для прохождения профилактических мероприятий, информируется один раз и один раз повторно, при неявке на профилактические мероприятия.

Страховая медицинская организация осуществляет досудебную защиту прав застрахованного лица.

**Б.Д. Болачов,
главный специалист - эксперт (ЗПЗ) Ботлихского филиала ТФОМС РД**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.